

RÈGLEMEN KONSÈNAN EGZIJANS POU GRADYASYON NAN BOSTON PUBLIC SCHOOLS

ÒDONE, ke Kominote Lekòl la nan fòm sa apwouve Règleman ki atache nan dokiman sa Konsènan Kondisyon pou Gradye nan Boston Public Schools:

Règleman sa a, ansanm ak sikilè Sipè-entandan ki otorize nan dokiman sa a, pral ede responsab lekòl yo, administratè, pwofesè ak manm anplwaye yo akonpli obligasyon yo pou yo asire elèv yo jwenn aksè ekitab nan kou yo toupatou nan distri a.

Nan apèl nominal, Òdonans lan te apwouve atravè vòt ki vini apre a:

POU –
KONT –
ABSAN –

Ateste:

Elizabeth A. Sullivan
Sekretè Egzekitif

RÈGLEMAN KONSÈNAN EGZIJANS POU GRADYASYON NAN BOSTON PUBLIC SCHOOLS

Tout elèv - kèlkeswa ras, etnisite, sèks, andikap, oryantasyon seksyèl, relijyon, estati sitwayennte, estati sosyo-ekonomik oswa kòd zip li - merite yon edikasyon ekselan ki adapte ni sou plan kiltirèl ni sou plan lengwistik ansanm ak opòtinite ki pou ede yo reyalize tout potansyèl yo. BPS desèvi elèv ki gen anpil talan yo ki sibi enpak obstak sosyal, obstak ki alafwa sistematik e sosyal, ansanm ak rasis nan espas ak andeyò lekòl la. Prèske 30, 000 elèv BPS (plis pase 50% nan popilasyon elèv nou an) gen bezwen espesifik antanke yon seri Elèv K Ap Aprann Lang Anglè ak/oswa elèv ki gen andikap ak/oswa elèv ki defavorize sou plan ekonomik. Elèv Nwa ak elèv ki Latino-Ameriken yo reprezante 76% nan elèv ki enskri nan BPS yo. Istorikman, yo pa t pèmèt Tigason ki Nwa ak Sila ki se Latino-Ameriken yo, ansanm ak elèv ki gen andikap yo jwenn aksè nan kou ki pi rigoure yo ak nan anviwònman edikasyon jeneral ki enkli tout moun nan kantite ki pa rezonab menm.

Lè nou elimine lakin nan opòtinite ak reyisit, ak lè nou afime kapasite enfini elèv nou yo genyen pou yo reyalize espwa ak rèv yo, sa reprezante eleman santral nan misyon distri a genyen pou l asire l tout timoun nan tout salklas nan tout lekòl jwenn sa yo bezwen. N ap pran mezi ki solid, entansyonèl ak ki eksplisit pou n elimine lakin nan opòtinite ak reyisit pou pifò elèv ki vilnerab nou yo.

Lè nou kenbe yon seri règleman ki lanse elèv yo vè Preparasyon Kolèj, Karyè ak Lavi epi ki asire ke egzijans pou gradyasyon yo inifòm, transparan e regilye nan distri a epi ki asire kapasite aktè nou yo genyen pou yo kwè nan angajman distri a nan ekite, sa reprezante yon eleman esansyèl nan responsablite sa a. Règleman sa afime angajman distri a genyen pou l founi yon anviwònman aprantisaj ki solid e ki ekitab pou tout elèv yo, sitou nan nivo sekondè a, kèlkeswa lekòl yo enskri ladan l lan, epi li jere egzijans pou gradyasyon onivo tout distri a pou tout elèv ki nan Boston Public School yo.

Nan aplikasyon règleman sa a, Boston Public Schools ap **elabore** ak mentni Sikilè Sipè-entandan yo ki: (1) dekri pwosedi yo pou mentni sistèm yo pou asire kou yo solid epi yo konfòm ak nòm DESE yo; (2) eksplike pwosedi espesifik pou lekòl la jwenn renonsyasyon ak kou ki solid yo; (3) dekri fòm espesifik yo, lis kontwòl, apwobasyon ansanm ak fleksibilite ki otorize yo; (4) dekri pwosesis pou pwouve yo reponn ak egzijans pou gradyasyon yo. **Y ap elabore sikilè sa yo avan dat limit aplikasyon an ki se 1ye Jiyè 2022 epi y ap prezante l bay Komite Lekòl la.**

Distenkteman, antanke yon konpayon règleman sa epi disi 1ye Jiyè 2022, distri a elabore yon plan estratejik anyèl entegre alafwa sipò distri a ansanm ak plan ki baze sou lekòl la epi sa gen ladan eleman ki vini apre yo:

(1) bidjè lekòl la pou yon aplikasyon konplè;

- (2) apwobasyon pwosesis òganizasyonèl ki pwobab bò kote biwo bidjè ansanm ak responsab lekòl la pou bidjè FY23 a;
- (3) idantifikasyon enpak pèt aprantisaj nan ka pandemi nan popilasyon ki vilnerab yo ki ta enkli elèv ki twò ajè ak elèv ki gen kredi yo, elèv ki gen andikap, ansanm ak elèv k ap aprann lang Anglè;
- (4) prèy lekòl la gentan depase etap kle yo nan objektif aplikasyon an;
- (5) yon pwosesis transparan pou responsablite bay Komite Lekòl la ak Kominote a; Sa gen ladan yon rapò chak trimès ki prezante bay Komite Lekòl la
- (6) yon pwosesis pou asire tout elèv ki gen andikap yo gen aksè nan MassCore avèk modifikasyon jan ekip IEP elèv la detèmine sa a;
- (7) yon pwosesis pou elèv ki pale plizyè lang ak Elèv K Ap Aprann Lang Anglè yo gen kredi pou atou lengwistik yo te gentan akeri yo;
- (8) Pwosesis transkripsyon pou bay elèv yo kredi pou kou yo te deja fini yo (ki genyen ladan elèv entènasyonal yo);
- (9) definisyon pwosesis pou chimen pou jwenn aksè pou gradye pou elèv ki elijib pou MCAS-Alt;
- (10) atikilasyon pwosedi pou dispanse kou ki rigoure yo pou benefisye elèv ki doubleman enskri nan enstitisyon edikasyon siperyè yo, pwogram travay ak aprantisaj oswa lòt chimen ki akselere, ki enkli pwogram karyè ak pwogram teknik Chapter 74 yo;
- (11) pwosesis pou idantifye kou nivo entèmedyè ki konfòm ak rigè MassCore la ak pou asire elèv yo gen kredi nan fason ki apwopriye pou yo rive fini ak kou sa yo;
- (12) pwosesis ak kritè pou aliyen apwobasyon kou yo avèk nòm ak egzijans DESE yo;
- (13) pwosesis pou asire tout elèv yo gen opòtinite pou demontre yo metrize kontni kou yo nan lòd;
- (14) pwosesis pou deziyen elèv ki montre yo metrize epi yo gen kapasite pou yo li youn oswa plizyè lang ki pa Anglè sa ki reponn ak rekòmandasyon MassCore yo;
- (15) pwosesis pou asire ke yo rekonpanse elèv yo avèk kredi paske metrize yo montre nan kontni yo, malgre yo pa te akeri "moman asistans" nan yon kou ki obligatwa ;
- (16) pwosesis pou elèv ki enskri nan pwogram etid pou Fòmasyon Karyè ak Teknik pou yo gen posiblite pou yo chwazi Lang ak Literati Mondyal epi pandan yo toujou konfòm ak MassCore.
- (17) Yon pwosesis paralèl men ki separe pou elèv ki enskri nan lekòl ak pwogram ki bay fòmasyon altènatif ki konfòm ak faz senk (5) an kalandriye distri a pou aplike MassCore pou fòmasyon altènatif.

Adopsyon Pwogram Etid Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a Rekòmande kòm Egzijans pou Gradye nan Boston Public Schools

Komite Lekòl Boston Public Schools la gen kòm responsablite pou kreye yon seri règleman ak pratik ki pèmèt tout elèv yo prepare pou kolèj, karyè ak pou lavi epitou pou l retire tout obstak ki anpeche elèv BPS yo gradye e ki anpeche yo pare pou yo reyisi nan pwochen etap nan lavi yo. Donk, li obligatwa pou nou adopte yon seri nòm ki konfòm ak egzijans pou gradyasyon toupatou

nan distri a ki pral ankouraje ak asire rigè ak ekselans nan lekòl nou yo, sa ki pral pèmèt nou elimine lakin nan opòtinite ak reyisit ak asire ke tout elèv ki gradye yo pare pou lavi apre lekòl segondè. Anplis, nou dwe kreye yon seri egzijans pou gradyasyon ki regilye pou fanmi ak elèv yo kapab byen konprann ki kou ki dwe fini pou yon elèv kapab resevwa yon diplòm BPS.

Egzijans MassCore yo

BPS pral adopte Pwogram Etid MassCore Rekòmande a kòm Egzijans pou Gradyasyon li pou tout elèv ki nan distri a. Sitou, kredi sa yo, nan divès kategori kontni ki obligatwa pou gradyasyon nan Boston Public Schools.

Figi ki anba a reprezante defason vityèl egzijans kou pou gradyasyon.

<i>Kolòn 1</i>	<i>Kolòn 2</i>	<i>Kolòn 3</i>
Kategori Kontni	Inite	Kou
Atizay Lang Anglè	4	1. _____ 2. _____ 3. _____ 4. _____
Matematik	4	1. Aljèb II -OSWA- Matematik Entegre (Aljèb) 2. _____ 3. _____ 4. _____ <i>Elèv yo gendwa tou chwazi yon Syans Enfòmasyon ki konfòm ak MassCore</i>
Syans nan laboratwa	3	1. _____ 2. _____ 3. _____ <i>Elèv yo gendwa chwazi tou kou STEM oswa kou Syans Enfòmasyon ki konfòm ak MassCore, ansanm ak AP CS</i>
Istwa ak Syans Sosyal	3	1. Istwa Mondyal 2. Istwa peyi Etazini 3. Etid Etnik (Etid sou Afriken Ameriken, Latino-Ameriken, Abitan sou Zile Azi-Pasifik, Ameriken Natif Natal)
Lang Mondyal	2	1. _____ 2. _____ <i>Toude inite yo nan menm lang.</i>
Edikasyon Fizik	1	Elèv yo pral gen yon kou k ap dire yon trimès (oswa ekivalan li) sou PE chak ane oswa yon ekivalan.

Atizay	1	Elèv yo pral gen yon kou k ap dire yon trimès (oswa ekivalan li) sou Atizay chak ane oswa yon ekivalan.
Kou Obligatwa	5	<ol style="list-style-type: none"> 1. _____ 2. _____ 3. _____ 4. _____ 5. _____ <p>Enkli kou sou Fòmasyon Karyè, Teknik</p>

Definisyon

Inite ak "Moman Asistans"

Yon inite reprezante yon ane etid akademik ki konplè oswa ekivalan nan yon sijè ki kouvri tout nòm ki nan yon Kad Pwogram Akedemik byen presi, men sa pa vle di elèv yo dwe "chita" nan yon kou pandan yon kantite èdtan byen presi pou l resevwa kredi pou kou a; olye de sa, elèv yo dwe montre yo metrize konesans ak konpetans yon inite ansèyman reprezante. Elèv yo kapab tou jwenn kredi poutèt yo "abandone", rekipere oswa akselere yon kou, jan sa dekri nan Sikilè Sipè-entandan yo.

Kou ki baze sou konpetans

Kou ki baze sou konpetans yo, kote elèv yo avanse ak jwenn kredi apre yo fin montre nivo metrize yo, elijib pou yo konsidere yo kòm elijib pou kredi MassCore. Sa enkli kou ak metrize ki akimile nan enskripsyon doub la.

Egzijans pou Gradyasyon Eta a

Règleman sa pa epi li p ap ranplase ansanm egzijans pou gradyasyon Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a. Ansanm egzijans eta a pou gradyasyon nan lekòl yo gen ladan yo aspè nan Istwa peyi Etazini ak edikasyon sivik ak fizik, ansanm ak lè yon elèv jwenn "detèminasyon konpetans" [nòt pasaj nan tèks Literati ak lang anglè ak matematik ki nan nivo Klas 10yèm ane ansanm ak Sistèm Massachusetts pou Evalyasyon Konplè nan syans ak teknoloji/jeni ki nan nivo lekòl segondè (Massachusetts Comprehensive Assessment System, MCAS)]. Pou elèv ki pa pase yon tèks MCAS yo, edikatè yo elabore yon Plan sou Konpetans Edikatif (Educationnal Proficiency Plan, EPP) pou sijè a (yo). Elèv yo bezwen reponn ak egzijans kou pou EPP yo a anplis de egzijans MassCore yo.

Edikasyon Fizik

MassCore reflekte egzijans legal pou edikasyon fizik anseye kòm yon sijè ki obligatwa nan tout klas yo. Elèv yo ka reponn ak egzijans lan atravè yon pwogram aktivite fizik edikatif ki òganize, ki enkli men ki pa sèlman: patisipasyon nan aktivite espòtif entèskolè, patinaj, oke, dans, yoga, a

masyal, capoeira oswa natasyon ansanm ak nenpòt aktivite fizik gras a yon seri pwogram eskolè oswa pwogram kominotè oswa etid endepandan.

Fòmasyon Karyè ak Teknik

Elèv ki enskri nan yon pwogram Chapter 74 DESE apwouve yo ka reponn ak egzijans MassCore yo san yo pa reponn ak egzijans nan lang ak literati mondyal. Yo ka retire ansanm egzijans lang ak literati mondyal yo men nou vrèman ankouraje elèv yo pran kou sa yo.

Orè Aplikasyon

Règleman sa ap antre anvigè 1ye Janvye 2022, toudepannde de lè distri a fini e soumèt bay Komite Lekòl la plan estratejik ki mansyone nan dokiman sa a Distri a dwe adapte reyisit MassCore kòm egzijans pou gradyasyon nan kòmansman otòn 2022.

Finisman